

Eske vaksen an san danje pou mwen ak bebe mwen? Kisa ki te chanje ofilditan?

- Nan komansman pandemi an, nou pat konnen efè vaksen yo nan fanm ansent ak bebe yo.
- Kounye a, nou genyen anpil done, e nou kapab di avèk konfidans: **Vaksen COVID-19 yo pap koze okenn danje pou ou ak pitit ou!**
- Nan fen daou 2021, te genyen plis ke **139,000 fanm ansent ki te vaksine kont COVID-19.**
- Pat genyen okenn rapò de risk ogmante nan foskouch, pwoblèm de kwasans, oswa defo nesans.
- Vaksen COVID-19 yo se vaksen ki vivan, konsa, **fanm ansent yo ak bebe yo papkapab trape COVID-19 de vaksen an.**

Anefè, vrè risk la se lè yon fanm ansent chwazi poul PA vaksine.

Fanm yo ki vin malad avèk COVID-19 pandan gwosès:

- Yo gen twa fwa chans pou yo bezwen swen ICU.
- Yo gen 2 ak 3 fwa chans pou yo bezwen lavi de sipò avanse ak tib pou yo respire.
- Yo genyen yon ti risk ogmante pou yo mouri ak COVID-19 la.
- Yo genyen yon risk ogmante pou yo genyen mòtinesans ak nesans prematire.

KIJAN POU M GEN VAKSEN COVID-19

- ✓ **Kontakte depatman sante lokal la pou fè yon randevou** oswa mande ki kote klinik vaksen mobil la lokalize.
- ✓ **Pale avèk doktè OB/GYN ou.**
- ✓ **Tyeke avèk famasi lokal ou.** Petèt yo kapab ofri vaksen yo.
- ✓ **Kontakte Sant sante kominote lokal la pou fè yon randevou.**
- ✓ **Pale avèk anplwayè ou** konsènan resevwa vaksen COVID-19 la. Yo kapab ede'w fè aranjman pou resevwa vaksen an.

POU PLIS ENFÒMASYON



Vizite Sant Kontwòl Maladi yo ak Pwevansyon:
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>



Pou Repons ak Keksyon yo poze souvan, vizite **Migrant Clinicians Network**:
<https://bit.ly/3ki1xAl>

Dènye enfòmasyon revize:
15 janvyè, 2022



Gwosès ak Vaksen COVID-19 la

- ✓ **Mete mask**
- ✓ **Distans sosyal**
- ✓ **Lave men ou**
- ✓ **PRAN VAKSEN AN**

Kanpay Sansibilizasyon Vaksen COVID-19

VAKSEN COVID-19 YO YO SAN DANJE E EFIKAS



Kalite vaksen ki disponib nan peyi Etazini:

- **Pfizer**
(2 dòz, espas 3 semèn)
- **Moderna**
(2 dòz, espas 4 semèn)
- **Johnson & Johnson (J&J)**
(1 doz)



REKÒMANDASYON YO


- + Pran vaksen an.
- + Menm si ou ajou ak vaksin ou, mete yon mask lè w anndan. Mete yon mask le w nan anviwònman kote ki gen anpil moun.
- + Si ou ajou ak vaksin ou, e ou ekspoze ak COVID-19, fè tè s la 5-7 jou apwè ekspoze a kòm rekòmande pa CDC.



Pou fanm, MCN rekòmande:

- + Pou fanm ki ansent, kapbay tete, oswa kap eseye vin ansent, vaksen yo enpòtan anpil pou kenbe manman ak bebe yo an sante.
- + Pou fanm migran yo ant 18-60 tan daj, nou rekòmande'w pou pran vaksen Pfizer oswa Moderna, sil disponib nan zòn nou an.


KISA POU ESPERE APWÈ OU TE FIN PRAN VAKSEN AN?



Li enpòtan pou'w pran vaksen an menm lè'w te deja trape COVID-19.



Li konplètman GRATIS e li PA ekzije okenn pyès idantifikasyon.




Genyen divès kalite vaksen. Tout vaksen ki kont COVID-19 la yo san danje e yo efikas.




Apwè vaksinasyon an, ou kapab soufri avèk: ponyèt fèmàl, tèt fèmàl, lavyèv, oswa frison.



Ou pral santi'w pi byen kèk jou apwè vaksen an.



W'ap konsidere tèt ou konplètman vaksine 2 semèn apwè dènye dòz final ou.



Kontinye mete yon mask, lave men ou, e kenbe distans sosyal.



Ou te fè pati pa'w la pou te pwoteje tèt ou ak lòt moun de COVID-19 la!



AVANTAJ VAKSINASYON AN

- ✓ Vaksinasyon an ap pwoteje'w, fanmi'w, pitit ou, ak kolèg nan travay ou pou yo vin malad grav e pou yo pa etène lopital.
- ✓ Vaksinasyon an ap diminye risk pou manman yo ansanm ak bebe yo.
- ✓ Vaksinasyon an ap diominye risk de nonb nouvo de ka grav ak ka lanmò de COVID-19 nan kominote ya.
- ✓ Vaksinasyon an ap pwoteje lopital yo ak founisè swen yo pou yo pa sichaje avèk pasyan ki malad grav ak COVID-19.
- ✓ Plis gen moun ki pran vaksen an nankominote ya, mwens nap bezwenkyete konsènan nouvo varyan yo.

RISK AK MOUN SAN VAKSEN

- ✗ Risk ki piwo nan enfeksyon COVID-19.
- ✗ Risk ki piwo nan enfeksyon grav, nan etène lopital ak lanmò.
- ✗ Risk ki piwo pou ekspoze a nouvo mytasyon ki kontajye ak danjere.